**Әдебиятлар**
1. Кожуров О. Шығармалары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
2. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. -Нөкис: «Билим», 1996.
3. Сағитов И. Қарақалпақ халқының қаҳарманлық эпосы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада бошқа халқларда бўлмаган қорақалпоқ халқининг миллий достони «Шарияр» достонининг жанр хусусиятлари ҳақида фикр билдирган. Тадқиқотчи қорақалпоқ фольклорида ушбу масала бўйича айтилган фикрларни қиёслаган ҳолда достон, жанрий хусусияти бўйича кўчмали сюжетли ёки ижтимоий-маиший достон эмаслигини, балки, мифик-эртак шаклидаги асар, деган хулосага келган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье освещаются жанровые особенности каракалпакского народного эпоса «Шарьяр», которому нет аналога у других народов. Автор статьи сопоставляет мнения по данному вопросу в каракалпакской фольклористике и приходит к заключению, что данный эпос не является социально-бытовым эпосом, а представляет собой мифологически-сказочное произведение.

**SUMMARY**

The article deals with the genre peculiarities of the Karakalpak folklore epos «Shariyar», the other peoples don't have the analogy to it. The author of the article compares different points of view on this issue in Karakalpak folklore and comes to the conlusion that this epos is not social-realistic, but it is a mythologic-fairy tale work.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫНДА БӘНТ
### (ХХ әсирдиң 30-жылларындағы қарақалпак поэзиясы мысалында)

**И.Мамбетов -** *ассистент оқытыўшы*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** қофия, вазн, банд, иккилик, учлик, мухаммас, шакл ва мазмун, анъана.
**Ключевые слова:** рифма, размер, строфа, двустишие, трёхстишие, мухаммас, форма и содержание, традиция.
**Key words:** rhyme, size, strophe, couplet, tercet, mukhammas, shape and content, tradition.

Қарақалпак әдебиятында қосық дөретиўшилер бәнтти қосықтың тийкарғы элементлериниң бири деп санайды. Бул анық себеби бәнт арқалы қосық қатарларын белгили системалы уйкасқа бириктиреди. Бәнт туўралы көпшилик илимпазлар өзиниң баҳалы пикирлерин билдирип өтеди. «Бәнт түрли белгилердиң жәмлескен бирикпеси. Бул орында көлем белгиси де, уйқасыў тәризи де, өлшемлер бирикпеси де, жанрлық белгиси де қатнасады. Бәнт улыўма уйқас изшиллиги менен белгиленеди»-деп жазған еди Б.В.Томашевский. Ал түркий халықлардың поэзиясындағы бәнт бойынша изертлеўлер алып барған М.Хамраев былай дейди «Бәнт қосықтың миллий формасына тәсир жасайтуғын болғаны ушын да барлык әдебиятта бир қыйлы емес [1]- деп көрсетеди. Поэзия-бир неше сөз ырғақларының жәмлесип, белгили бир өлшем тийкарында уйқасып, сол тийкарда бир неше тармақларды пайда етип, бир уғымға жәмлесиўине айтылады. Демек солай екен, оның қатар санының өзи еки тармақтан кем болмаўы керек. Себеби бир қатардың өзи қосық мәнисин аңлата алмағаны менен жупласып келген еки қатар өзиниң косық элементи екенлигин аңлата алады. Сол ушын бәнттиң тийкарғы белгиси еки қатардан басланады.

Көплеген түркий халықлар сыяқлы қарақалпақ поэзиясында еки қатарлы қосықлар әзелден бар форма болып табылады. Ҳәттеки биздеги қосық сөзи еки қатардың қосылыўынан келип шыққан деген болжаўларды айтады. Профессор Қ.Мақсетов усындай болжаўды алға сүреди. «Қосық, бизиң пикирмизше «қос», «қосыў», «қосылыў» сөзлериниң мәниси тийкарында пайда болып, еки қатардың жупкерлесиўи тийкарында пайда болып, еки қатардың жупкерлесиўи тийкарында ўаққыттың өтиўи менен терминге айланған болыўы итимал» [2]. Бул пикирди әдебитшы Қ.Муратбаевта куўатлаған еди.

Шығыс халықлары поэзиясының ең киши жанры фард болып, ол тек бир бәйттен, яғный еки қатардан турады. Соның менен бирге ол түркий халықлар поэзиясында кеңнен тарқалған лирикалық форма. Фардтың еки қатары бир-бири менен уйқасып афористлик мәни аңлатады. Фард бармақ өлшеминде де, аруз өлшеминде де жазыла бериўи мүмкин [3].

Еки қатарлы қосықлардың айрықша өзиншеликке ийе формасы - бул ҳәр бәнти тек еки қатардан туратуғын форма. Еки катарлы форма ҳәзирги қарақалпақ лирикасында аз ушырасады. Деген менен, бул форманың төркини ертеден басланатуғыны, XIX әсирдиң ақыры, өткен әсирдиң басында дөретиўшилик пенен шуғылланған шайыр Сапура Жайылбек қызының дөретиўшилигинде ушырасыўы айрықша қызығыўшылық туўдырады.

Оқып турмыз күнде келип мешитке,
Бала, намыс екен ким қалса шетте.

Сапура шайыр шығармасынан көринип турғанындай қосық теориясынан, соның ишинде еки қатарлы қосық поэтикасынан әдеўир дәрежеде хабары болған. Себеби, өз қосығында тийкарсыз ҳәр еки қатарды бир бәнтке жиклеп қойған жоқ. Бунда ҳәр бир бәнт өз алдына синтаксислик бирлик. Бәнт белгили бир ойды билдиретуғын қосық қатарларының жуўмақлап бириктириўши қатары [4] екенлигин есапқа алатуғын болсақ мысалда пикирди жеткериўде «тезис-антитезис-синтез» хызметин атқарады. Соның менен бирге бул бәнтлик формада ырғақ та пүткиллей өзиншеликке ийе.

Бул форма ХХ әсирдиң 30-жылларында дөретиўшилик пенен шуғылланған шайырларымыз бул исти еле де даўам еттирди ҳәм раўажландырды. Мысалы:

Куяшлы Қарақалпақстаннан сәлем,
Еркин турмыслы гүлистаннан сәлем.
Сизлер қорғаўшысыз бизиң турмыстың,
Сизлер қорғаўшысыз бизиң қурылыстың.
Сизге исенемиз садық перзент деп,
Сизлерди сыйлаймыз бәрҳа хүрметлеп.

Мысалға алынған Дәли Назбергеновтың «Достыма» деген қосығында шуўмақлар усылай даўам етип кете береди. Келтирилген мысалда қосықтың еки қатар арқалы берилиўи оның композициялық бирлигин сақлап турыпты. «Көркем шығармада дәслеп форма менен мазмунның байланысы себепли көркемлиги артады. Егер де бул байланыс болмаса онда шығарманың көркемлиги бузылады». – деп көрсетеди М.Кушжонов. Демек жоқарыдағы мысалдағы қосық қатарларының төртеўин бирлестип бир бәнтке жәмлестиргеннен оны усы турысында қабыллаў тартымлырақ екенлиги көринеди. Ал ХХ әсирге келип қарақалпақ миллий поэзиясында қурамалы өзгерислер жүзеге келди. ″Девону луғат ат турк″ шығармасындағы өлшем, бәнт ҳәм уйқас тәртиплери ҳәзирги өзбек поэзиясында да жоқары роль ийелейди″ [5] - деп көрсетеди алым У.Туйчиев. Бул пикир оғада дурыс айтылған пикир екенлигин ҳәзирги қарақалпақ поэзиясы мысалында да поэтикалық уқсаслық бойынша бир неше әсирге барып тақалатуғынын көремемиз. Әсиресе қосық бәнтлериниң неше әсир бурын қолланылған түрлери ҳәзирги поэзиямызда ушырасыўы буның айқын дәлийли бола алады. ХХ әсир қарақалпақ поэзиясының белгили ўәкиллериниң дөре-

тиўшилигине нәзер салғанымызда қайсы тематикада жазылыўына қарамастан ҳәр қайсысы өз алдына поэтикалық шеберлик жаратқанлығының гүўасы боламыз.

Шайыр Сейфулғабит Мәжитов дөретиўшилигинде де еки қатарлы бәнт шайыр тәрепинен дөретилген нақыл қосықларында ушыратамыз.

Рәҳәтли жайды жәннет дер, мухаббат соның бир гүли,

Мийнетли жайды дозақ дер, душпанлық соның ушқыны.

Ямаса:

Адамның парқын билмесен, сөйлетип көр, сынап көр,

Нарқы сонда билинер, ҳалына қарай баҳа бер.

Сәпиўра шайырдың еки қатарлы бәнтлери менен Д.Назберегновтың еки қатарлы бәнтлери формалық жақтан бир-бирине күтә жақын келеди. Бул бәнтлер жазба әдебият дәстүрлеринде жазылған болып ҳәр қатары 11 буўыннан ибарат. Ал Сейфулғабит Мәжитовтың еки қатарлы бәнтлери Шығыс классиклериниң қосық бәнтлерин яғный ҳәр қатары 15-16 буўынлы яғный «ғәззел» бәнтлерин еске салады. Бул нәрсе Сейфулғабит Мәжитовтың қосықтың мазмунын жеткериў ушын форма қайсы усылды талап етсе сол идеяны сол формада бериў керек деген пикири сыяқлы көринеди. Қосықта улыўма инсаныйлық идеялар жәмлескен болып қосық бәнтин усындай формада келиўин талап еткен. Жаңа дәўирдиң дәстүрлери менен ески поэзияның дәстүрлерин өзинде жәмлестирген шайыр қосықтың тәсиршеңлигин тәмийнлеўде қайсы дәстүрлер мас болатуғынын терең меңгергенлиги сезиледи. Қосық тек ғана ишки мазмун, қойған проблемасы, лирикалық қахарманның сезимталлығы, турмыс ҳақыйқатлығына жақынлығы ямаса усыған усаған оқыўшыға бирден көзге тасланбайтуғын тәреплери менен ғана бахалы емес, ал соларды оқыўшыға, тыңлаўшыға жеткеретуғын ишки формасы менен де әҳмийетли. Бул бойынша белгили илимпаз З.Ахметов былай дейди «Қосық адамға өзиниң ишки мазмуны менен, сүўретлилиги менен сәўлелениў мәниси менен ғана емес, айтылыў қәлпи, көркем үнлилиги менен де тәсир етеди. Сөздиң уғым түсиник беретуғын мәнисин, мағанасын, оның қосыққа ырғақ үнлилиги, көркемлиги рең берип толықтырады [6].

Хәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы мийнетинде «Үш қатарлы қосықлар қарақалпақ әдебиятына бурыннан тән емес екенлиги, XX әсирдиң 50-жылларына шекемги жазба әдебиятта дерлик гезлеспейтуғынлығы, үш қатарлы қосықлар ең биринши мәртебе XX әсирдиң 70-жылларының басында пайда болғанлығын көрсетеди» [7]. «Қарақалпақ поэзиясындағы үш қатарлы қосықлар үш түрли уйқас формасында (а,а,б. а,б,а. а,б,б.) гезлеседи ҳәм үш қатары шәртли түрде бир бәнтке бирегеди. Олардағы ырғақ еки қатарлы қосыққа да, төрт қатарлы қосыққа да усамайды. Бирақ ҳәр бир бәнт қосықтағы улыўма мазмунның бир пәршесин өзине жәмлестиреди. Шынында бул бәнтлик форма халық шайыры Т.Жумамуратов тәрепинен ислетилгенинен соң массалық сыпат алғаны белгили. Бирақ 1936-жылы Дәли Назбергенов тәрепинен дөретилген «Ушқыш жыры» қосығында усы үш қатарлы бәнтлердиң үлгилери көринеди. Мысалы:

Өрлесин кеўил,
Болғандай сейил,
Көк аспанның жүзинде.
Бекинсин жүрек,
Табанды тиреп,
Ат жайылсын бизиңде.

Бул косықтың уйқас түри а,а,б түринде ислетилген. Қосық мазмуны жағынан жүдә жетилисип пискен шығарма деп айта алмаймыз. Солай болса да усы жыллары шайырларымыз дөретиўшилигинде усындай қосық форманы енгизиўге урынғанының өзи әдебияттағы үлкен жаңалық еди. Буннан басқада жоқарыда айтып өткенимиздей сол дәўирде Х.Ахметов тәрепинен де усындай үш қатарлы бәнтлер дөретилгенлигин көремиз. Сөз етилип атырған дәўирдеги бундай бәнт дүзилиси қарақалпақ поэзиясындағы ҳәзирги дәўирдеги үш қатарлы бәнтлердиң ең дәслепки көринислеринен деп есаплаўға болады.

Бер қолыңды,
Көр жолыңды,
Ер изиме жамайым.
Оқып билим,
Билип илим,
Алға барын қалмайын.

Хақыйқый шайыр дөретиўшилик етиў процессинде жаңа формалар табыўға жүдә үлкен итибар береди. Шайырлардың дөретиўшилик процесси тек ғана мазмунды сәўлелендирип ғана қоймай өз нәўбетинде форманы да пайда етип жетилистирип барыўшы процесс есапланады [7].

Мине усы шығармалар жоқарыда илимпаздың көрсетип өткениндей 1970-жылларда әдебиятымыздағы мазмуны ҳәм формасы жағынан сәтли жазылған шығармалардың дәслепки көринислери деп қараўымызға болады.

Бес қатарлы қосық мухаммеслер қарақалпақ поэзиясына алып кирген шайыр XIX әсирдеги классик шайырымыз Әжинияз Қосыбай улы болып табылады. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында мухаммес өзиниң дөрелиў дәўириндеги классикалық формасынан да, мазмунынан да өзгериске ушыраған. Ол ҳәр қыйлы тематиканы сөз етиўи, ҳәр қыйлы уйқас, өлшем формаларына ийе болыўы мүмкин. «Төрт қатары биргеликли уйқасып бесинши қатары бәнт болып келетуғын беслик яки мухаммес араб, парсы поэзиясында кең қолланылған. Негизинен «ғәззелди қубылытыў» деген сөзден алынған. Оның қатарларының ғәззелге усап узын болып келиўи соннан болса керек [8]. Бес қатарлы қосықлар бир бәнтке ийе болғаны менен оладың барлығы мухаммес бола бермейди. Классикалық үлгидеги мухаммеслер уйқасы бойынша а,а,а,а,б. б,б,б,б,а. ҳ.т.б түрлеринде уйқасады. Себеби, мухаммес классикалық үлгисинде биринши бәнт толығы менен өз-ара уйқасып, екинши бәнттен баслап дәслепки төрт қатар өз-ара уйқасады да, бесинши қатар биринши бәнт пенен уйқасады [1]. XIX әсирде қарақалпақ поэзиясында бес қатарлы бәнтлерден ибарат қосық формалары пайда болды. Буны халық тилинде мухаллес ал әдебияттаныўда мухаммес-деп аталады [9]. Усындай қосық формасының үлгисин биз XX әсирдиң 30-жылларында дөретиўшилик пенен шуғылланған шайыр Сейфулғабит Мәжитовтың дөретиўшилигинде көриўимизге болады. Мысалы:

Мәз болып күлген тәбиғат ерик гүлин ашқан бүгин,
Қанға батқан исши, дийхан бәри табысқан бүгин,
Жеңилип қара жүреклер ортадан қашқан бүгин,
Бирлесип исши, дийханның арын алған күн бүгин,
Жазылып тарийх бетинде мәңги қалған күн бүгин.

Келтирилген мысалдағы бул алты шуўмақтан ибарат болған бес қатарлы қосықтың ҳәр шуўмағының төртинши ҳәм бесинши қатарлары төмендегише еки қатар

Бирлесип исши, дийханның арын алған күн бүгин,
Жазылып тарийх бетинде мәңги қалған күн бүгин.

-деген бәнт пенен жуўмақланады. Қосық қатарларында редифлер де ислетиген болып редифлерден алдынғы сөзлер де өзара уйқасқа түскен. Демек буннан көринип турғанындай Сейфулғабит Мәжитовтың форма саласындағы излениўшилиги айрықша. Ол қосықларына форма ҳәм мазмун таңлаўда өзине тән болған стилине ийе. Қ.Оразымбетов илимий изертлеўлеринде

«Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында мухаммес өзиниң дөрелиў дәўириндеги классикалық формасынан да, мазмунынан да өзгериске ушыраған. Ол ҳәр қыйлы тематиканы сөз етиўи, ҳәр қыйлы уйқас, өлшем формаларына ийе болыўы мүмкин» [4] - деп көрсетип өткен еди. Қарақалпак поэзиясының мазмун ҳәм форма жағынан байыўы ушын тил, уйқас, ырғақ, бәнт поэзияның көркемлик белгилери екенлиги рас. Шеберлик мәселеси хаққында сөз болғанда усы тәреплерине де итибар бериледи. Солай болса да шығарманың сәтли ҳәм сәтсиз болып шығыўын тек ғана уйқас ҳәм ырғақ пенен анықлаў қыйын. Бул дәўирге келип қарақалпақ поэзиясында оғада әхмийетли дәўирлер еди. Себеби бул дәўир аўызеки әдебият дәстүрлериниң үлгисинен жазба әдебият үлгисине өтиў дәўири болып еки дәўирдиң жалғасығы еди. Хәр қандай шайыр өзиниң қайсы дәўирде жасаўына қарамастан тарийхый дәўир ҳәм сол дәўирдиң жетикенликлери ҳаққында көркем шығармалар жазып қалдыратуғынлығы мәлим.

**Әдебиятлар**

1. Хамраев М. Основы тюркского стихосложения. -Алма-Ата: 1963.
2. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қахарманлық дәстанларының поэтикасы. –Тошкент: «Фан»,1965.
3. Ўзбек адабиётида жанрлар типологияси ва услублар рангбаранглиги. –Тошкент: «Фан»,1983.
4. Оразымбетов Қ. Хәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. -Нөкис: 2004.
5. Адабиётшунослик ва тилшунослик масалалари. -Тошкент: 1973. V том.
6. Ахметов З. Өлең сөздиң теориясы. -Алматы: 1971.
7. Туйчиев У. Ўзбек совет поэзиясида бармоқ системаси. -Тошкент: 1962.
8. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. -Нөкис: 1995.
9. Жәримбетов Қ. Әдебияттаныўдан сабақлар. -Нөкис: 2012.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ХХ аср 30-йиллари қорақалпоқ лирикасида банд турлари ўзига хослиги умумлаштирилган. Банд турлари хисобланадиган иккилик, учлик ва бешликлар фольклор анъаналари ҳамда қорақалпоқ шеър тузилиши нуктаи назаридан таҳлил қилиниб, 30-йиллар қорақалпоқ шеърияти структураси бўйича муайян хулосалар чиқарилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются виды каракалпакской поэтической строфы в 30-годы ХХ века. Виды строфы двустишие, трёхстишие, пятистишие проанализированы на примерах фольклорных и художественных произведений и соответствующим образом сделаны выводы о каракалпакском стихосложении 30-годов.

**SUMMARY**

The article deals with the types of Karakalpak poetic strophe in the thirties of the twentieth century. The types of the strophe are a couplet, a tercet, and a mukhammas were analyzed on the examples of folklore and literary artistic works, and conclusions are drawn accordingly on the Karakalpak versification of the thirties of the twentiteh century.

## К.РАХМАНОВТЫҢ «ЕДИГЕ» ДРАМАСЫНДА РЕМАРКАЛАРДЫҢ ХЫЗМЕТИ

**М.Палымбетова** - *докторант (PhD)*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:**драма, композиция, сюжет, образ, ремарка, диалог, монолог, жанр.
**Ключевые слова:** драма, композиция, сюжет, образ, ремарка, диалог,монолог, жанр.
**Key words:** drama, composition, plot, hero, remark, dialogue, monologue, genre.

ХХ әсир қарақалпақ драматургиясы жанрлық жақтан толысып, дүнья әдебияты үлгилеринен пайдаланған халда әдебиятымызға бурын болмаған әдебий түрлер, жанрлық формалар кирип келди. Олар әдебиятымызға сиңисип, ҳәр тәреплеме раўажланыўына себеп болды. Бундай жанрлардың пайда болыўы тек прозалық, поэзиялық жанрларда ғана емес, драматургия жанрында да көзге тасланады. Мәселен, эпикалық шығармалардың драмаға өтиў қубылысы. Эпикалық жанрларға роман, повест, гүрриң, новелла, ертек, дәстанлар киретуғын болса булардың дерлик барлығының сюжети тийкарында жаңа жанрдың пайда болғанлығын көремиз.

«Өткен әсирдиң 40-жылларында-ақ, «Алпамыс» дәстанының сюжети тийкарында дөретилген «Алпамыс» музыкалы драмасы халық дәстанларын әдебийлестириўдиң ҳәм сахналастырыўдың басламасы болды. Буннан соң, А.Бегимов, Т.Алланазаровлардың «Ғәрип ашық» дәстанының сюжети тийкарында дөретилген усы атамадағы музыкалы драмасы (1955), Ә.Шамуратов, И.Юсуповлардың «Қырық қыз» дәстанының сюжети тийкарында дөретилген усы атамадағы музыкалы драмасы (1965), Қ.Матмуратовтың «Шәрьяр» дәстанының сюжети тийкарында дөретилген усы атамадағы драмасы (1992), К.Рахмановтың 2017-жылы «Едиге» дәстанының сюжети тийкарында дөретилген усы атамадағы музыкалы драмасы, К.Алламбергеновтың «Едиге» дәстанының сюжети тийкарында дөретилген, китап болып баспадан шыққан (2017) «Әмир Темир ҳәм Ер Едиге (Уллы атланыс)» тарийхый музыкалы драмасы бул көркем жолдың даўамы болды.» [1]. Бунда халық дәстанларының негизги сюжетине, қаҳарман образларға қосымша өзгерислер киритилгени менен, шығарманың тийкарғы идеясы сақланған халда жаңа драмалық шығарманың жасалғанлығын көремиз. Биз бул жумысымызда драматург К.Рахмановтың «Едиге» дәстанының сюжети тийкарында дөретилген (мәсләҳәтши К.Алламбергенов) «Едиге» музыкалы драмасында қолланылған драмалық көркем әмеллерден пайдаланыў шеберлигин иззерлеўди мақсет еттик.

**Изертлеўдиң методлары:** Изертлеў жумысымызда салыстырмалы, көркем-эстетикалық анализ методларынан пайдаланылды.

**Изертлениў жағдайы:** Қарақалпақ драматургиясын изертлеў жумыслары 50-60-жыллардан баслап алып барылды. Бизиң изертлеў обьектимиз бойынша Т.Алланазаровтың монографияларында, Қ.Султанов, Ә.Сейтбеков, Ж.Хошниязов, Р.Мәтмуратова, М.Мәмбетовалардың [2] ҳ.б мақалалары К.Рахмановтың драмалары мәселелерине арналған.

**Нәтийже**: бул мийнетлерден келип шығып биз автордың драмаларының тили изерленбегенин, басқа драматурглерден өзгешелигиниң толық ашылмағанының гүўасы болдық.

**Талқылаў:** Драма авторлық ремаркалар жәрдеминде ашылады. Ремаркалар ўақыялардың кимлер әтирапында болып өтетуғыны, персонажлардың жасы, кәсипкәри, ҳәрекетлерин, персонажлардың психологиясын, эмоциясын, перделердиң, көринислердиң ортасындағы байланысларын түсиндириўши көркем әмел. Драманың биринши картинасында берилген автор ремаркасы ўақыя болып өтетуғын орын ҳәм оның персонажлары ҳаққында мағлыўмат береди. Мәселен :

«Перде көтерилип, сахна жақтыланып баслайды. Ноғай даласы, төбешиктиң басында Едиге менен жылқыман сөйлесип отырады» [3:4].

Бул жерде автор ўақыяның Ноғай даласында, Едиге ҳәм Тоқтамыстың жылқыманы екеўинин қатнасында болып өтетуғынлығын билдириўде қолланған. Драма-